

Sinar Pasoeendan

Directie-Administratie

ALI RATMAN

DAGBLAD SOENDA OEMOEM

Hoofdredacteur

I. DJAJAKOESOEMA

Kantoor Dir.- Red. & Adm. Oude Kerkhofweg 16 Telef. No. 444 Bandoeng — Dikaloerkeun koe Uitg. Sinar Pasoeendan di Bandoeng — Typ Druk. Economy Bandoeng

KEMIS 20 December 1934, 13 Poeasa 1353, ©

Pangaos langganan f 1,50 sasasih — Advertentie tiasa badanten sareng Adm. — Agent „DE GLOBE” Amsterdam en Batavia C. ©

No 286, Taoen ka II, Kaloear 1 1/2 Lambar

Bandiingkeuneun — Lenjepaneun

Tamiang meulit ka bitis.

WAKTOE ieu noe keur rame djadi tjarita, noe keur djadi boeah pikiranana wong akeh ti sagala bangsa di oerang, nja eta pasal kaajaan („schandaal”) noe kadjadian di Bank Factory.

Bank Factory keur meudjuehna digoejdroeckkeun waktoe ieu. Digoejdroeckkeun tina sabab aja tandangna anoe henteu matak soegema ka aandeelhoudersna djeung pikeun pandangan rajat di oerang ti sagala bangsa, panda ngan noe bakal kaloear ti internasional.

Anoe moekakeun gotji wasiatna njaeta s.k. Walanda keneh „De Ind. Ceurant” ti Soerabaja.

Tjeuk ieu soerat kabar tjenah dina Jaarveslagna Bank Factory 1933 Direktoerna geus njeun ma'loemat ka sakabeh aandeelhouders jen koedoe njeun afschrijving tina gedena doeit aandeel noe dipake kapital 75 pCt. Ari gedena aandeel kapi taal teh f 80 malioen. Djadi 75pCt atawa f 60 malioen roepia gedena anoe geus leungit lantaran roegi tjenah.

Djaba ti eta deui tina reserve f onds oge koedoe diajakeun afschrijving noe gedena 15 malioen roepia.

Tina kitoena gedena doeit noe geus ledis teh aja 75 malioen roepia.

Anehna teh tjenah eta koe aandeelhouders teh henteu njaho ti tatidina, padahal ieu karoeqian teh kadjadianana ti taoen 1922 keneh.

Ti taoen 1922 nepi ka taoen 1933 Direktoer Bank teh ngan njeun senang atoh bae kanoe dja di aandeelhouders, sabab noe roetkeun balans mah katjida henteu katembongna jen Bank Factory geus njeun karoeqian.

Djadi tina kitoena timboel sang kaan jen ieu karoeqian teh lain koesabab ajana malaise lain kasoeroeng koe kaajaan padjama nan anoe memang ilaher waktoe ieu doeg doeg roegi teh tina kati geratan tea, tapi di Factory mah kawas aja „beleid” (pimpinan) a noe djadi kapalana koerang benetra [henteu bener?].

Sakitoe ringkesna toedoesn-toedingan noe dilemparkeun ka pimpinan Bank Factory waktoe ieu.

Bank Factory hidji Bank bangsa Eropa anoe geus kabot, anoe sa kitoe djegoedna, anoe sakitoe meunangna kapertajaan, lain bae ti Nagara Walanda tapi ti sedjen-sedjen karadjaan di sadoenja, ajeuna kaajaanana gojang, lantaran beleidna noe djadi pamingpin. Factory kapan geus didamel koe Pamarentah koe andjeun hidji ba dan (Bank) poerah ngamonopolie

Oerang pada ngabarandoeangan.

Onggok dipake ngareumbeuj sangoe

Dina ieu soerat kabar geus di tibeuh, dina waktoe ieu toemali djeung hebatna tigrat, di desa-desa katjida lakoena onggok. Onggok anoe tadina ngan saeoeur dipake parab babi, ajeuna geus loembrab didahar koe Marhaen noe aja di desa, ngasakanana di seupan atawa ditjempoeurkeun djeung sangoe.

Seueul alah batan neureuj keueus, kawantoe onggok teh hampas sampeu anoe mistina mah teu koedoe didahar koe machloek ber boedi. Parandene kitoe, koe lantaran henteu aja dahareun, aja oge sangoe saeutik-eutikeun hen teu matak seubeuh, nja kapaksa seuseut-seuseut oge dikeureujeuh.

Seuseut, pahang rasana onggok, koe rahajat Marhaen tangtoe ka rasa.

Dina soerat kabar Adil aja kabaran kieu:

Di Maos kaler geus aja kadjadian 4 djalma maot lantaran ngadahar onggok.

Koelantaran kasangsaraan rahajat dina waktoe ieu geus nepi kana poentjakna, koe sabab eta, onggok teh koe rahajat kapaksa didalahar.

Lamoen ngingetkeun kana adviesna dokter, jen onggok teh lain dahareun manoesa, sabab onggok teh bisa ngaroeksak kasehatan badan Parandene kitoe, koe rahajat a noe katjida malaratna djeung kosong beuteungna, kapaksa onggok teh didalahar.

Meunangna onggok teh lain ngan tinggal njokot woengkoel, tapi meunang meulit ti Tienghoa, hargana dina sakobok sa-peser.

Lain ngan onggok noe anjar bae noe lakoe teh, tapi onggok noe geus sataoen oge teu loepoet pajoe, ditjempoeurkeun di onggok anjar.

Di pasar Sampang, Adipala, Kroja djeung Maos katjida reana noe ngadjaroel onggok teh.

Dina crisis 1934, rahajat geus dalabar onggok, palangsiang di na crisis taoen 1935 mah, bae is ngadahar kadaharan noe leuwih handap tibatan onggok.

Rahajat desa noe soetji boedina anoe salawasna ngimanneun ka na paparentahan desa, anoe salawasna leuwih merloekkeun majar kawadjabanana tibatan ngueusan beuteung, kiwari hiroepna geus nepi ka kitoena.

Rajat desa anoe malarat, anoe balalokot kesang, ngotjor tina boe loe-boeloe panon, taktak letjet ba las nangoeng, tonggong bengkoeng, pepejkeban beurateun koe roepa-roepa tanggoengan anoe disangga koe maranehanana, dahar geus direumbeuj dja gong, katjang, onggok, gadoeng djeung djaba ti eta.

Rahajat desa anoe oenggal powe teu aja eureunna digawe keur napakahan anak bodjona sanadjan maranehna tipoporose digawe, tjeuk babasan soekoe didjeun boe loe, boeloe didjeun soekoe, tapi sakalieun dahar anak bodjona oge henteu bisa njeomponan.

Parandene kitoe, sanadjan manehna ripoeh, sanadjan manehna daharna direumbeuj koe djagong, katjang, onggok, gadoeng djeung djaba ti eta, maranehna henteu ka denger sorana anoe netelakeun jen ripoeh hiroepna, henteu kadenge geroengna kakoerangan dahareun, henteu kadenge hoemandeurna kaloear, henteu kadenge lengsina menta pertoeoengan ka noe sedjen, padahal lamoen koe oerang ditjoektjoek atawa ditempo sareretan, bisa kasaksi djeung katendjo

Males dan Lesoe

oleh kesekatan peroe? Pakallah Pil Foster boeat peroe besar (Foster's Maagpillen) yang terkenal diantero doenia.

f 0.80 sebotol disemua roemah obat.



koemaha kamalaratanana oerang desa kiwari.

Oemoemna rahajat desa anoe malarat, maranehna henteu daek nembongkeun kasoelahna, henteu oemakoe anoe teroes terang, hen teu daek menta pertoeoengan ka noe wadjiw noeloengan, tapi njaho geus roemanggieung dahar onggok atawa gadoeng.

Djawa Tengah sigana diantjam koe kalaparan rahajatna loba noe geus loemintoe dahar onggok, lain di Djawa Tengah bae, tapi di Oost Priangan, oemoemna di desa-desa, onggok teh katjida lakoena.

Hal ieu djadi hidji tanda, jen katjida reana rahajat di padasan anoe teu mampoeuh meuli beas atawa pare sagemblengna.

Dus sanadjan rahajat desa, oemoemna patanen, indit soeboeh datang sore molah tanahna djeung sawahna, tapi hiroepna sangsara alias kakoerangan dahareun, da kadaharan noe ngeunah mah ngan akoean woengkoel, ngan miara woengkoel, geus meudjuehna diala mah didahar koe noe djaregoed, koe noe baroga doeit.

Kalangkang malaise nepi ka kiwari teu rengrot-rengrot!

Nasib naon engke ka hareup noe bakal karandapan koe rahajat desa?

Oerang sarerea lamoen aja oemoer tangtoe baris bisa ngaban doengan, bakal bisa djaksian....

A. K. W.



Tasikmalaja

Digantan.

Dina dinten Rebo bijk. Sin. Pas. Tasik geus kadongkapan koe djr. H. oerang Legok Ontjom andjeun na njaerkeun jen geus dioetoes koe djr. A. bade njanggakeun artos anoe digasab koe lili tea heu euroa f 3 sareng aja panoeheuna soepaja ieu perkawis teh koe Col lega Harsono ditjaboet oelah di teroeskeun ka pangadilan. Nja harita oge kahajongna kitoe teh ditoeoer, saladjengna Stadsplolite enggal diseratan soepados iu perkawis ditjaboet.

Koe kitoe tea mah meureun karoos koe andjeunna, lamoen ieu perkawis diteraskeun teh tamiang meulit ka tamiang. Noe matak tjeuk Bertha oge, ari lampah teh koedoe tjara satria, koedoe sabar, tartib djeung dami, bisi kadjadian tjara noe enggeus enggeus.

Inja-Alloh ieu patarekan teh soegan djeung soegan baris mawwa ka andjeun kana djajan kasam poeranaan.

Tina hal soentik majit di djero kota Tasikmalaja.

Rajat Tasikmalaja aja keneh bae anoe ngarasa koerang soege ma teh dina palebah Inlichter ngadjalankeunana kawadjaban. Oe pama aja djalma noe kapapatanan poekoe 12 beurang, Inlichter datangna kadinja teh teu beurang ditangtoekeun aja poekoe 4 ka dang-kadang nepi ka satengah lima sore. Koe kaajaan kieu katjida pisan wadoeranna moenggoeh

Moal gagal sareng ngagampilkeun

Koemargi dina waktosna LEBARAN kabiasaanana panoempang-panoempang kareta api teh teu kirentin pahiboetna, koe djalan ieu kangge panoempang di klas 1 sareng di klas 2, dipaparinan kalonggaran PESEN TEMPAT ti awalna moela, pikeun kareta api anoe KA sareng TI BATAWI.

STAATSSPOORWEGEN

Tjepet — Aman — Moerah

Moekaha bae. Noeroetkeun hadja noe beunang dipertjaja djoeragan P. Sastraatma dja H.O. 2de klasse school no. 2 Tasik parantos nampi angkatan Hoofd der scool sareng tempatna ka Tjomas Banten.

Oepami teu lepat mah ieu djr. Sastra atmadja teh aflevering N. S. Garoet taoen 1928. Djadi nepi ka taoen 1934 teh dienstna kakara 6 taoen, koe hal ieu tangtoe aflevering N. S. 1925-1926 oge pada mareunang gadjaran.

Tapi bedjana noe digarawe di H. I. S. mah diwalkeun sabab geus pada mareunang toelage.

Djakatra

Toetoempakan di Batawi.

Dina djero taoen 1934, reana toetoempakan noe moedik di djero kota Batawi, diantarana anoe kaitoeng rame nja eta Kramat djeung Salemba, lantaran ieu djalan anoe ngahoeboengkeun antara Batawi—Mr. Cornelis sar-toet Krawang djung Bogor sarta sateroesna.

Perhoeboengan di eta djalanana, dina saban-saban powena ti poekoe 6 sore nepi ka poekoe 9 peu ting teh, kieu berendelanana:

Kareta mesin	20.913.
Gorobag	593.
Toetoempakan noe ditarik koe koeda	3.088.
Vrachtautos	403.
Autobussen	279.
Motorfietsen	364.
Auto's biasa	2.487.
Autolettes	1.311.
Auto—roda—tiga	1.340.
Djoemblah djambleh toetoempakan	30.788.

Djalan Koningsplein Oost oge tapi djoemblahna koerang 7600, ngan auto mobil mah leuwih loba ti Kramat atawa Salemba, kira-kira aja 2 1/2 kaliueun.

Congres Partindo.

Dina tanggal 8 December 1934, Partindo geus ngasoepkeun Hooger-Beroep [appel], njaeta soepaja poetoesan Resident anoe ngalarang kana diajakeunana Congres Partindo dibatalkeun. Di na powe kamari tanggal 19 Decem ber geus datang poetoesan ti Gouverneur Djawa Barat ddo. 12 December 1934, No. G 5 P/31/8, anoe maksoedna jen Hooger-Beroep Partindo di tolak, (hartina ieu, larangan Resident dikoetkeun (bekrachtigd). Red. Sin Pas.)

Koe aja ieu poetoesan, kongres Partindo anoe katiloe, henteu bisa di teroeskeun, sarta koe ajana ieu larangan teh tjeuk B. T. loba karoeqianana, lantaran pikeun ka perloeon Congres geus disadiakeun, sarta wakil-wakil djeung soel-oesoel geus daratang. Tapi ajeuna kapaksa Partindo henteu toeloes ngajakenn Congres.

„Bertha”

Algemeen kiesrecht

(Pamilihan oemoem).

DINA malem Minggog mang koekna djago nasional ti Volksraad djr. Mh. Thamrin, geus ngajakeun pidato tina pasal-pasal anoe patali djung Volksraad. (aos verslagna). Diantarana anoe diterangkan koe djr. Mh. Thamrin teh njaeta andjeunna kagoengan pangharepan soepaja kabareup mah diajakeun „algemeen kiesrecht“, pamilihan oemoem pikeun ledén Volksraad, njaeta anoe koedoe milih keur ledén Volksraad teh, henteu make perantaraan locale raden deui, tapi rechtstreek ti rajat oemoem, saper ti pamilihan-pamilihan di nagara-nagara anoe merdika.

Kana ieu tjita-tjita djr. Mh. Thamrin, sanadjan lain keur ajeuna, Sipatahoenan anoe powe Senen geus nembongkeun ka teu moepakatanana, ari sabab-sababna kieu tjanah:

Koelantaran rajat masih keneh bodo, henteu koedoe dipake ho ream, lantaran anoe geus kaala man geuning sanadjan rajat bodo baliloe oge, rajat Indonesia oemoemna pada njarah ka Ir. Soekarno, ka Moh. Hatta djeung ka pamingpin-pamingpin rajat anoe daek ngorbankeun tanagana pi keun kapejtingan rajat djelata.

Tangtoe bae rajat moal nja hoeun ka Oto Iskandar di Nata, ka Thamrin atawa ka sedjen-sedjen pamingpin anoe atjan pernah ngantjroebeun dirina ka kalangan rajat loba, tapi tjoba bae geura tanja, rajat djelata di bagagian Djawa Wetan, saba eri Dr. Soetomo toeh? Tangtoe maranehanana bakal ngadjawab: „pamingpin koering“. Da kapan Dr. Soetomo mah, sanadjan henteu saroea djeung Ir. Soekarno djeung Drs. Moh. Hatta oge, tapi toeh Dr. Soetomo beunang diseboet keun hidji pamingpin di kalangan rajat djelata, lain woengkoel pi keun mingpin kaom pertengahan.

Lamoen Oto Iskandar di Nata atawa Mh. Thamrin ngamimitian „memperkenalkan diri“ di kalangan rajat loba, ti Sabang nepi ka Mauroke tangtoe rajat bakal njarahoeun seperti ka Soekar no atawa ka Hatta. Sarta satoeng toeng ieu doe djago nasional di Indonesia, djadi pamingpin anoe bersifat „bureaucratie“, tangtoe bae rajat djelata moal wawoehueun kana ieu ngaran.

Tjita-tjita djr. Mh. Thamrin teh, memang hidji tjita-tjita anoe geus lila dipikahayang koe rajat, sedeng waktoe ieu, satoengtoeng ledén Volksraad dipilihna koe lpe rantaraan locale raden, rajat anoe loba samasakali henteu njarahoeun, jen maranehanana boga wakil di Volksraad. Sarta oepama rek enja ngadjalankeun algemeen kiesrecht tea, henteu djadi balangan koe lantaran rajat henteu bisa noelis, henteu djadi balangan koe lantaran rajat teu njarahoeun ka Thamrin atawa ka Oto Iskandar di Nata, da asal daek njarahoeun ka rajat loba, naon hartina pamilihan, rajat tangtoe gampang ngartina, sarta algemeen kiesrecht tangtoe bisa didjalankeun.

Tjita-tjita ngalakeun algemeen kiesrecht teh, samasakali lain tjita tjita kosong saperti tjek Sip, tapi memang hidji tjita-tjita anoe soe tji, anoe perloe didjalankeun, sarta oerang perloe oesaha pikeun ngaboektikeun ieu tjita-tjita. Lain perkara lamoen Indonesia tetep betah dina sifat ka schijn parlementen mah, tangtoe bae pamilihan oemoem teh teu koe doe didjalankeun. Tapi oelah poho, Indonesia koedoe noe roet kana aliran modern, sarta lamoen rajat sorangan henteu boga kabahang, tangtoe sagala perobahan moal laksana. Tah eta sabab na rajat anoe bodo koedoe dibere kainsjapan, koedoe ditoeohkeun djalanana, soepaja maranehanana bisa ngoedag kasampoeranaan hir-oepna.

Dina theorie ieu tjita-tjita teh memang enja djaga hade, ngan ajeuna—sanadjan saer djoeragan M.H. Thamrin, ieu teh memang keur kahareupna—na ha bisa gantjang didjalankeun? Tah kitoe pertanjaan hate teh!

Pangna timboel pertanjaan kitoe, sabab nondjo kajaanan pangarti rahajat ajeuna, kapan noe bisa matja djeung noelis oge, sakitoe langkana.

Sanadjan enja oge, dina pilihan Loerah di desa mah, noe milihna teh teu koedoe bisa matja djeung noelis, geuning teu boeroeng djadi. Tapi oerang oelah poho, jen Volksraad teh beda deui djeung desa.

Oerang remen ngadenge pirang-pirang karotjetan dina pilihan Loerah, sabab sok „aja“ bae hen teu soetjengna teh. Djadi mana kome pikeun Volksraad noe dipilih koe sakoemna rahajat Indonesia, anoe wewengkonna sakitoe legana, anoe tjatjah di wana poelohan malioen.

Dina theori djaga gampang, tapi dina praktik mah masih keneh matak tjangtjaja kana pi beresunana. Kome lamoen ras inget deui pangartina rahajat dina djaman ajeuna, henteu atjan tangtoe pinanggih djeung kamadjoenan dina sapeloeh doe poeloh taon deui.

Hidji tjita-tjita di awang-awang keneh eta mah.

Kiteo tah anoe dipake alesan koe Sipatahoenan teh.

Rajat masih keneh bodo, henteu bisa matja djeung noelis.

Anoe dipake alesan koe Sipatahoenan memang enja pisan, rajat Indonesia sabagian gede masih aja di tempat anoe poweun, boeta hoeroep teu bisa matja djeung noelis, malah rajat anoe di kampoeng-kampoeng mah, ka njahona teh taja deui, kadjaba ti salega sawahna, paling antek salega kampoengna

Oerang Djampang koelon tjanah tjek Sip, moal njahoeun saba ari Mh. Thamrin teh, nja kitoe deui oerang Tjibaloeng Banten moal njahoeun ka Dr. Soetomo

Enja pisan beener, ieu panjang ka teh henteu njalahna.

Tapi naha koe alesan anoe kieu woengkoel anoe koe oerang koedoe dipake hoerem teh, atawa sapedah rajat aja dina kabodoan?

Oepama oerang enja-enja rek digawe pikeun kapingtingan rajat, atawa enja-enja tjinta ka rajat djelata, ieu alesan samasakali lain hidji alesan anoe sampoerna pikeun henteu ngadjalankeun algemeen kiesrecht di Indonesia. Tjita-tjita djr. Mh. Thamrin, memang hidji tjita-tjita anoe loehoeung, hidji tjita tjita anoe soetji, pikeun ngarobah kajaanan di Indonesia oemoemna sarta pikeun ngarobah soesoenan di Volksraad choesoena.

Djr. Abdoel Hamid Loebis. dipindikeun ka Digoel.

Tjek B. T. Djr. Abdoel Hamid Loebis anoe ditahan di Jacatra, powe kamari geus diinditkeun ka Digoel.

Soemedang


Koerang begrooting.

Lamoen oerang oenggh ka masjid Kaom Darmaradja, koedoe ati-ati, kabidji lantaran golodogna sabelah kaler djeungkidol [loehoeun bak] geus awoet-

awoetan kawas masjid anoe geus teu dipiara, njakitoe deui didjero na sabelah kidol geus saperti kandeng domba, lotengna bak latarna oge njakitoe geus teu sebat. Deui lamoen rek salat margrib djeung isa koedoe ati-ati bisi padopak djeung batoer atawa ngadoepak thang lantaran powek da lampoena ngan oekoer remeng remeng sagede tjika-tjika, malah dipemerna nganggona teh tjempor sagede poetra tjika-tjika, lamoen ditaksir beakna minjak dina sapeuting moal leuwih ti 2 peratoes roepia alias 2 sen. Eta meureun djaman irit.

W. W.

W. W.



Wawaran Politie.

Nampa wawaran ti Politie, jen noeroet keun kana artikkel 6 lid 1 tina Staatsblad 1933 No. 10:

a. Toemali kana Lebaran sakabeh pendoeoek Bandoeng bangsa Indonesia geus kaidinan meunang njeungeut mertjon, teu koedoe make speciaal vergunning deui, kadjaba moorslagen (petasan ban ting). Waktoena dina tanggal 27, 29, 31 December 1934, 2 djeung 4 Januari 1935 ti poekoel 6.30 sore nepi ka poekoel 10 peuting.

Dina tanggal 6 + 7 Januari 1935 ti poekoel 6.30 sore nepi ka poekoel 6 isoek-isoek.

b. Toemali kana taon baroe Walanda sakabeh pendoeoek bangsa Walanda kaidinan meunang njeungeut mertjon teu koedoe make speciaal vergunning deui, kadjaba moorslagen, dina waktoe tanggal 31 December 1934 ti poekoel 6 sore nepi ka poekoel 12.30 peuting.

Mertjon teu meunang diseu ngeut:

1. di djalan gede [cirt. 497 W.V.S.]
2. di deukeut roemah sakit djeung tempat-tempat noe dipake masamoan perkara agama (tableg).
3. di deukeut goedang barang-barang noe gampang kahoeoran.
4. di tempat-tempat noe geus dilarang koe politie.

„Katja Rasa“

Via Toko Roemah Obat dr. Saleh di Bandoeng. Red. geus nampi kintoean boekoe „Katja Rasa“—karanganana Romo, noe dikaloearkeun koe t.t. Kwee Boen Hian sareng Pouw Kioe An di Tasikmalaja.

Eusina didjadikeun koe 24 pasal, malioe ngandoeung hart pi eunteungeun geusan kasalametan lahir batin.

Kandelna ieu boekoe djoemlah djambleh aja 187 katja—pangaos a f 075.

Tiasa dipesen ka adresna anoe ngaloearkeun di Tasik, atanapi ka: Roemah Obat dr. Saleh di Bandoeng—Tasikmalaja—sareng Soekaboemi.

Red. ngahatoerkeun noehoen kana eta kintoean.

Almenak deui bae.

Ti „Nilmy“, „Sinpas“ geus nari ma kintoean Almenak boelan ka toet Zak almenakna pikeun taon 1935.

Ieu almenak, lain ngan sakadar tjitakan djeung techniekna bae aroe sae teh, tapi oge aja goena na geusan kaperloean sapopoe, babakoena kapingtingan anoe patali kana eta maatschappij.

Almenak „Toko Oesaha“

Geus djol deui bae Red. nari ma kintoean scheurkalender pi keun taon 1935 ti „Toko Oesaha“ di Pangeran Soemedang wej Bandoeng, hidji toko Indone sari kago nganana djr. A. Wiranata anoe ngaloearkeun roepi roepi barang angoan, kajaning batin kan—tinoenan—anjaman enz.

Almenakna sae—ngango 3 pa nanggalan: Islam—Masehi + Tionghoa—sae tjitakanana oge sae kangge perhiasan di kantoran.

„Sinpas“ ngahatoerkeun noehoen kana eta doe kintoean.

Oesoem ngadji.

Anjar-anjar ieu di Darmaradja sepoeh-sepoeh keur meudjehna raresep ngadji kana ngoelk bag-bagan Islam. Oenggal powe Sala sa awewe lalaki merloekuen aridit ka Pasantren Tjangkoeng [ka Kiai Boechan], salainna diadjar ngadji Koer an djeung sadjaba ti eta perkara bag-bagan ka Islaman. Penoeis moedji soekoer moedah-moedahan oelah rek gebrag toem bila.

Parantos waktosna!

Kangge kaperloean Sillatoerachmi boboran Siam.

Drukkerij „Economy“

Njajaikkeun speciaal kartjis Lebaran. Pangaos 100 kartjis kening njitak sareng enveloppena moeng f 1.—.

Oepami per post tambah ongkos 30 cent. Enggal pesen ka: DRUKKERIJ ECONOMY BANDOENG.

Katjilakaan.

Hidji Indonesier waktoe toeng gang motor di lebah Dagoweg ka mari dinten Rebo ddo. 19-12-'34 geus kadoepak koeda maboer.

Motorna merk B. S. A. weuteuh keneh pisan geus roeksak, kira-kira piongkoseunana kl. f100, andjeunna oge tjilaka, taratoe dina palebah sampeanana, atoe kapak sa teu tiasa madjeng kana damel.

Gemeente Bandoeng.

Dina powe Kemis tg. 3 Januari 1935 Gemeente Bandoeng bade ngajakeun kempelan, saperti biasa di Gemeentehuis Logeweg 8 — Mimiti poekoel 7.15 peuting.

Deui noe rek dibadamikeun njaeta ngajakeun pilihan ledén Volksraad.

Noe koedoe dipilih teh:

- a. 3 ledén bagian Indonesiers.
- b. 15 „ „ „ Nederlanders.
- c. 3 „ „ „ bangsa Asing.

Bedja ti S.S.

Djalan kareta di Atjeh noeroenkeun tarifefna.

A. Tarif pampoempang.

Ieu tarif teh saenjana, ti mimiti tanggal 1 December oge geus ditoeoroenkeun. Sanadjan eta pampoeranan geus katjida tjoe koepna, tapi ajeuna rek diajakeun deui roepa-roepa perobahan.

Deui geus moepakat djeung Deli Spoorweg Maatschappij, tarif pampoempang ti djeung ka eta Maatschappij bakal ditoeoroenkeun deui, sarta tarif localna geus loba anoe dirobah.

Ngantet djeung ajana ieu pampoeranan, bagage [babawaan] anoe beur itna 30 K.G. anoe teu make bajaran bakal dileungitkeun, sarta diganti koe pampoeranan tarifet bagage. Toekang-toekang dagang anoe rek djeung tas ti pasar, meunang mawa tanggoenganana kalawan henteu koedoe majar, sarta anoe djadi pampoempang henteu bisa kaganggoe koe ieu robahan.

B. Tarif barang.

Tarif barang-barang (bagage tarifet) di Atjeh Spoorweg, anoe nepi ka waktoe ieu ngan ditoeoroenkeun noeroetkeun kaajaan woengkoel, ti mimiti tanggal 1 Januari mah bakal diajakeun perobahan saanterona.

Tarifet-tarifet barang di 5e klas tetep henteu diajakeun robahan.

Tarifet di saban-saban kelas anoe bakal dirobah, bakal diajakeun, soepaja bisa ngalawan kana tarifet toetoempakan anoe sedjen anoe paranti ngakoetan barang-barang. Sarta barang-barang di sababaraha kelas perloe diajakeun deui perobahan.

Pikeun mawa barang-barang ti atawa ka bagian Deli Spoorweg Maatschappij bakal diajakeun tarifet anoe speciaal.

Koe ajana tarifet anoe anjar, ge de pangharepan bakal tambah ka madjoenana Atjeh Spoorweg, sarta bakal bisa njegah kana koerang na beubeunangan.



Resicona parawan djomblo.

Dina rubriek Oenak-Anik dina „Sin. Pas.“ anoe kamari, koe Etjle kabatja, jen tjanah noe roetkeun D.T. di salah sahidji desa bawahan onderdistrict Taroh, regentschap Grabakan, geus aja kadjadian seorang parawan kolot lantaran kasingsal, djomblo henteu meunang djodo, antoe kana teh bo sen hiroep, nepikeun ka doorse toet loeas iklas ngagantoeng ma neh.

Noe djadi marga lantaran teu pira, ngan lantaran era koe batoer djenoek bala rea bae sok sapedah adina anoe aweue geus aja noe ngawin, ari manehna kaliwat

Risicona parawan djomblo!

Kana kadjadian anoe kaeni di loehoer, Etjle mah ngarasa koe rang a-ce-ce.

Eta tjanah isin, lantaran salam bina ngaboelasin taja noe ngawin, ari nepikeun ka koedoe, megat keun njawa koe djalan ngagan toeng maneh mah, tjek Etjle mah teu koerang teu leuwih ti: dat is te ireh katjida teuing!

Asanda teh kitoe-kitoe bae mah teu koedoe dipake knock out, atoe koedoe ngaroembaos keun bae pangna djomblo teh meureun euweuh . . . noe ngawin!

Ari pangna euweuh noe nga win, nja kantenan mah poeoeoegoeh weee tangtoe aja kakerangan, boh koerang beres adres boh koerang . . . nja kitoe tea bae!

Tapi aneh bin adjaib, sanadjan parawan kolot oge oepama ka seudeuhan koe medah-medoeh boentjir leuit loba doeit, teu boe roeng bae sok aja noe rilah noe loeng, haat tjat mantjat ngaban dang ka bale njoentjoeng.

Bangsa kaoem wadon, oepama djomblo ginoloeran djaoeh djodo teh, noengtik boekti bae rea noe ngaraoes aeb. Tapi ari ninggang di kaoem koemisan mah—saperti Etjle, bet henteu dipake knock-out boetek pikiran teuing, deuh!

Lantaranana, Etjle mah sok ngaroembaoskeun bae, pangna sial-kasingsal teh osok dahar tjaoe ambon sisina, ambon soteh . . . ambon sorangan!

Tjanah ginoloeran bae djomblo teh saemoer-oemoer, tinim bang djeung dipake aral doose toet amoen ka koeboer lantaran nandasa raga sorangan mah, pi keun Etjle mah nja leuwih hade djadi . . . pastoe!

Jah, apa lagi? Klair is

ETJLE.

S. H.

Ka sadaja djoeragan-djoeragan istri pameget, anoe karagoengan kasawat: Wasir (Aambein), Mengi, Batoek, Njeri bokong, Medjen, Njeri kabampangan, Kasawat istri, Kentjing manis, Boengkoel, Njeri angen, Miis, Njeri toelang, Lintoe teuing, Koerang sawhat (Peloe) sareng djabi ti eta.

Boh parantos lami atanapi nem be keneh, oelah dianggo alit manah, satoengtoeng masih aja keneh Ch. Hardin Tabib mah, anoe parantos kenging sababa raha serat poedjian.

Mangga boektikeun, saroeumping koe andjeun atanapi njaoer, boh dilebet atanapi ka loe ar kota, sareng ditanggal sada ja panjawat henteu kedah ngang go dibolak - belek [operatie] deui.

Sadjabina ti eta, bilih aja noe bade pesen landing-landing, tiasa di kintoen koe Rembours.

CH. HARDIN, TABIB
Soeniaradjaweg 8 A
Telefoon 1664 — Bandoeng

SORA PERS

Titel-titel knock-out!

Toemali djeung obralna diplo ma-diploma, Meong ti Djawa Tengah djeung Boeng Baroe ti Bintang Timoer, geus noelis kieu:

Masih mendingan!

„Meong“ dalam Djawa Tengah heran mendengar seorang Meester in de Rechten gadjinja tjoeima f 80.— di Soerakarta.

Boeng Baroe tidak heran lagi. Itoe soedah boleh dikata „mendingan“. Pendeknja perka ra diploma ta' goena dibangga kan sekarang.

Dan lagi poela memang se benarja orang doeloe soedah salah wissel tergila-gila pada titel dan diploma, hingga se orang yang tidak bertitel dan berdiploma seolah-olah tidak moengkin dapat mengerdjakan barang sesoeatoe.

Pada hal boekti dari praktikj ada lain sekali.

Malah ada Dr. Ilmoed Dagang Indonesia jang teroes tidak tahoe „berdagang“ (dalam praktikj!), sebab soedah keha bisan benzine [energie] mempe ladjari boekoe-boekoe doeloe...

Juist!

Ngan djaba ti kitoe, oge geus nintjak kana djamanana, moeng goeh samangsa-mangsa djalma—sanadjan bisa ngoekir langit ne plak mega oge, tjek paribasana—lamoen soemangetna ditamplok keun kana doenja pakoelian bae mah, otomatisich hargana oge baris teroes njirorot!

Njawalakeun kaajaan di Pedjambon

Djr. Thamrin djeung Volksraad Samboeng kamari. (Panoetoep)



M.H. Thamrin.

Spr. henteu ngamoepakatan sa oepama tweede Kamer oeloebioeng kana kaajaan roemah tang ga Indonesia, leuwih hade lesot samasakali.

Sateroesna koe spreker diterang keun deui, jen kiwari teh memang geus ninggang dina djamanana ngajakeun parobahan, kalawan di tjontokeun kaajaan di Siam, Philipijnen - India - Igipte djeung Formosa, sedeng Volksraad di Indonesia oge ajeuna ninggang dina kapantesanana koedoe dibadean teh. Kaajaan financeel politiek di Indonesia koedoe boga kakawasa anoe ngaloegina. Mangka-mang ka dina waktue ieu mah, saneska ra leening Indonesia didjieunna di Nederland, sedeng rahajat Indonesia mah henteu nganjahoekun pi...

Indonesia koedoe ngabogaan Departement—directeur anoe tanggoeng djawab sorangan terhadep Volksraad, lain ngan diajaan wawakilna Regeering bae, sarta di mana henteu njojogan ka Volksraad, directeuren eta teh, koedoe ngalesotkeun kapangkatanana. Iwal ti kitoe, tiap-tiap departement teh, koedoe oge ngabogaan Onder-Directeur anoe deskunding geusan ngadjalankeun pagawean departement sewang-sewangan.

Koe diaoter kitoe oepamana, kakara bisa njoemponan saperti anoe dipiangan-angen koe prof. Carpentier Alting, nja eta ngarobah tangtonganana G.G. didjero raden, tegesna henteu ngabogaan oppermacht tjara ajeuna.

Volksraad sapantesna ngaboga an bevoegdheid pikeun njeun wet G.G. koedoe ngalesotkeun ka... Dictoriaalana — perwakilan di Volksraad koedoe digedeas sing tjara kaajaan di Parlement aoe toelen, saperti di: Engeland-Duitland-Japan atawa Nederland. Hal

Prihatin?

Oepami djoeragan ngaraos ngerik prihatin tina ka miskin, tina lantaran teu tjoekeupna hiroep, tina loba kaperloean noe teu katjoemponan, tina djoemeritna hate ka noe Maha Soetji taja djawabanana, oepami ngaraos nalangsa tina keueungna manah, moegi diemoetkeun bae jen djoeragan koemelendang di alam pawenangan teh henteu njalira, tapi seueur kantja sasami manoesa, toer ti antawisna seueur noe pinter sarta leukeun nga damelan boekoe noe marangpaat. Mangga antjroe bae ka djero ieu boekoe-boekoe tea, teuleuman eusina!!!

Salawosna tina eta boekoe teh ajeuna keur ditjatak, noe make ngaraos:

Ngerik?

ISOEKAN KOERING DIGANTOENG

Pangaos s a t a l e n. Tiasa pesen ti ajeuna ka kantoor **SINAR PASOENDAN** OUDE KERKHOFWEG No. 16 — BANDOENG.

kie srecht—hak milih — koedoe di djalankeun saloeas-loeasna, toerta rahajat sagemblengna di desa-desa koedoe dibere hak satjoekoeppa.

Sateroesna Spreker nerangkeun kaajaan dina pilihan ajeuna anoe sipatna: Provincialistich.

Moenggoeh pikeun milih wawa kilna ka Volksraad, oerang amat oelah arek mandang tjmana asal na eta djelema, nepi ka djigana teh oerang Djawa Tengah emboeng milih oerang Djawa Koe lon djeung sabalikna. Pikeun me takeun pilihan ka Volksraad teu perloe mandang kitoe, sabab Volksraad mah lain ngan goe roes satempat-satempatna, alge-meene vraagstukken goena pikeun kapentingan Indonesia sakoemna.

Tjindekna: moen oerang Djawa dipilih koe rahajat Djawa, oerang Soenda koe oerang Soenda deui enz. karoehan bae kapentingan Indonesia kaloeli-loeli, ahir na nimboelkeun Provincialistich.

Tina pasal kaajaan College van Gedelegeerden anoe didjadikeun koe klas I djeung klas II, noe meunang bajaran leuwih gede djeung leuwih leutik, atawa sanadjan gedelegeerden baris dibajar anoe samoerab-moerahnja oge, keukeuh Spreker teu satoejdje. Tjenah leuwih hade eta badan teh diuueuh keun, anggoeran mah Volksraad bae gedeas kakawasaanana.

Njakitoe deui tina pasal tang toenganana G. G. sebagai opper bestur djeung wawakilna Sri Maha Radja, hade dirobah sing saperti tangtoenganana Radja bae, oelah beunang dipaido. Sabab noe koe doe tanggoeng djawab mah nja eta directeur-directeur departement bae.

Pikeun noe djadi wawakil di Volksraad, henteu koedoe loba-loba ngagoenakeun theorie, noe perloe mah pangalaman toer koe doe bisa beheerschen materie.

Noe pasamboeng djeung kaajaan di Eropa, koe spreker diterangkeun, jen democratie teh kiwari keur meudjuehna njeung kamoendoeran, kaelehkeun koe papahaman fascisme anoe disaran dekeun kana dietatorisme, ngan ari pikeun di Indonesia mah eta hal teh — tjek spreker — hamo bisa kadjadian.

Koerang leuwih 2 djam Spreker biantarana kalawan meunang perhatian anoe tjoekeup.

Perloe oge didieu diseboetkeun jen tibeula koengsi di terangkeun aja sawatara para djoeragan anoe toemaros, diantaranya: djr. -djr. Wazar—Sadikin—Mr. J. Adiwinata, koe djr. Thamrin diwaler toerta anoe njoegemakeun tea.

Samalah. soegri anoe panasaran, tiasa toemaros koe serat ka adres andjeunna di Djakarta, tangtos koe andjeunna dipapersin bong-bolong sakoemaha kamistianana Kirang langkoeng taboeh ll we ngi, eta lezing teh ditoeptoep.

Bewar pangadjak

Ieu djoedoe di loehoer, taoen poengkoer oge, parantos dimoat dina ieu soerat kab r, noe maksadna ngawartosan ka sadaja Djoeragan-djoeragan, jen Pandoe Indonesia tjabang Bandoeng noe parantos kening goedkeuring ti N. I. P. B. njoehoekun sih piwelaana ka sadajana Djoeragan-djoeragan di Bandoeng soepados kersa masihan roepi barang, naon bae, bagikeuneun kanggo Lebaran ka anoe mariskin di sawewngkon Bandoeng. Kantenan oepami noe moetkeun waktosna kana Lebaran mah, taoen noe poengkoer teh

Telegrammen

Tina s. s. k, sedjen

Frankrijk-Sovjet Roes.

London, 18 Dec. (Aneta-Reuter K. P.). Koe toelisanana s. k. „Star“, ahirna ngalantarankeun timboelna perhatian anoe loear biasa. Tjenah dina tg. 22 November n.a.k. koe Laval djeung Litvinoff geus diajakeun babadaman militer antara Frankrijk katoet Soviet Roeslan, sedeng babadaman tina bab perdagangan mah geus ditaranda dina tg. 10 Dec.

Dina eta babadaman militer teh, ditetepkeun ien: saoe-pama Soviet Rusland ditaradjang koe Diepana. Frankrijk koedoe boero-boeroe ngiriman parobot perang noe oihargeunana nepi ka 4 milliard franc, sabalikna deui saoe-pama Frankrijk bantrok katoet Duitschland. Soviet Roes di wadji bae ngiriman gandoem noe pihargeunana saroea.

400 tanks leutik a la Fransch, bakal boeroe-boeroe dikirimkeun ka Roeslan, njakitoe deui perkara ngirimkeun missies djomantara sarta pasoeakan darat oge ti ajeuna geus diaoter, malah perhoebongan Radio diantara eta doea Na gara, didjalankeun teroes.

Ambassade Soviet di London, ngabantah kana eta bedja teh, da lah ambassade Fransch oge koeng si salahkeun.

Dina nakalangan Pangaogeng di Parijs pisan ngawawarkeun, reh perhoebongan Frankrijk ka toet Duitschland, ngan woengkoel dina soeal politik bae, digawe babarengan geusan kasampoernanana Locarno Pact noe pasam boeng reudjeung kapentingan di Eropa Wetan.

JAPAN

Pemilihan voorzitter Rijksdag.

S'aha noe bakal dia digantina Akita.

Ranumalsu Hananada. njaeta hidji elid anoe ngabogaan pangraeoh di Seyikal koe pangrasa ka tembong tjakep ngaganti Akita se bagi voorzitter Rijksdag. Pamilihan baris diajakeunana njaeta di na tanggal 24 December noe ba kal datang.

Export katoen.

Beuki nambahan.

Sanadjan malaise eukeur ngamoek ngowak-ngawik, sanadjan oenggal-oenggal nagara pada njokot atoeran-atoeran perwatesan, tapi export katoen ti Japan beuki lila teh beuki nambahan bae.

Export tjita dina taoen 1934 ditaksir leuwih tina 2.500.000 yards pasagi sarta pihargeunana 480.000.000 yen, atawa kira-kira 100.000.000 yen leuwih rea tibatan dina taoen 1933.

Soldadoe barontak.

Kantor politie dirampas.

Tokio, 17 Dec. [Aneta-Iwaki]. 80 soldadoe anoe barontak dina tanggal 13 December engus naradjang Tunghau djeung ngaboet kantor politie noe aja di eta tempat. Balatantara Japan njokot tindakan pikeun njegah ajana ieu kadjadian, sok sangkan henteu roembar-rambet.

Manoeuvres Armada.

Dina taoen hareup.

Dina taoen 1935 Armada Japan bakal njeun manoeuvres di bagian Kaler ti Laoetan loeh, njaeta di deukeut poelo-poelo Koerielea djeung Saghalien.

Boekaan Sport - Oeteuk

TJOENDOEK waktue datang mangsa, dinten ieu diboeka babadean „Sport Oeteuk“ Sin. Pasoendan. Koe-margi sakoemaha noe parantos disanggemkeun anoe negoeh leres teh seueur, sedeng prijs moeng 10 roepi, sakoer noe negoeh leres teh ladjeng dilotrekeun.

Ieu lotre diboekana kalawan perantaraan djrg. T. O. Tjakra-prawira.

Adj. Inspecteur Nilmy Bd. sarta kasakseni koe sadaja Red. sareng Directieleden Sinar Pasoendan.

Kekeninganana sakoemaha noe kasebat di handap ieu:

Ie. prijs kening koe No. 3173 djrg. S. Momo, Tjimalaka Soemedang, barangna 1 vulpenhouder mas.

Ile. prijs kening koe No. 1718 djrg. Goemiwa Partakoesoemah Buitenzorg, barangna tafelwekker.

IIIe. prijs kening koe No. 3197 djrg. Entang Ketapangweg, Bandoeng, barangna saseteleun gabardine katoen tjap Matjan T.T.G.

IVe. prijs kening koe No. 1059 djrg. R. I. Soeriaatmadja Djalan Rana Bandoeng, barangna sasetel theeservies.

Ve. prijs kening koe No. 1224 djrg. R. D. Saleh Asst. We dana Tjibatoe (Garoe), barangna 1 rookstel.

VIe. prijs kening koe No. 3063 djrg. Nata Kertasari p/a De Kock Sparkes, barangna njaeta gratis „Sinpas“ 3 boelan.

VIIe. prijs kening koe No. 1772 djrg. N.N. di Rubber onder-neming Ardjabinta Tjibeber, njaeta gratis „Sinpas“ 2 boelan.

VIIIe. prijs kening koe No. 1653 djrg. M. Roesdi Moehamad Ijas Kaem Bandoeng, njaeta gratis „Sinpas“ saboelan.

IXe. prijs kening koe No. 1789 djrg. A. Winata Kantor Raad Agama Poerwakarta, barangna njaeta 100 kartjjs djenengan, postpapier sareng envelopna ditjatak.

Xe. prijs kening koe No. 1791 djrg. Atmadipoera gep. Asst. Wedana Tjimihi [Gadobangkong], barangna njaeta roepi-roepi boekoe tjarios.

Barang-barangna kangge loear kota bade dikintoen koe post, sareng noe di djero kota mah, sae ditjandak koe andjeun bae ka Kantor „Sinpas“.

Red. Sin. Pas. ngahatoerkeun kawiloeudjengan ka sadaja noe parantos kening.



Gambar badean.



Panegoeh noe leres.

Ti ajeuna hatoer tingali jen minangka panggentosna babadean, Sin. Pas. ngawitan ping 1 Januari 1935 bade ngajakeun oedoenan sareng sadaja aboné kangge meser lot lotre. Sing saha noe bade ngiring tiasa ngintoen artos paling saeutik f.0.25.

Perkawis ieu endjing pageto bade diwawarkeun deui.

Reclame - Prijs

Koffer Gramfoon

sareng 3 plaatna kening milih koe andjeun f 15,-

Oge sajati

Merk Eagle f 22,50 & f 30,-

His Master Voice f 40,-

Columbia f 28,-

Sareng plaat-plaat lagoez ngadji, Soenda, Djawa sareng Malajoe.

TOKO ANG WEST

PASAR BAROE 34 — BANDOENG.

MALAISE - Advertentie

MALAISE Sakali moeat — Lima regel tiap² dinten REBO, henteu ngango bewijsnummer, anoe langkoeng ti 5 regel dietang f 0.50, ngango bewijsnummer tambah f 0.05

Advertentie hasilna tangtos njoegemakeun

TJAP MATJAN



oesir roepa' ponjakit!

Obat tjap Matjan tide boleh tida ada di toean poenja roemah, kerna tida ada obat lebih baek boeat semboehken Rheumatiek, sakit boekoe toelang dan spier, kasaleo dan pilek dari pada ini obat oermeem. Djoega boeat laen-laen penjakit dan ganggoean obat tjap Matjan ada mandjoer. Tjoba soeroe toean poenja boedjang beli boeat satalen satoe goetji ketjil Obat Matjan. Toean pasti aken dapet kafaedahan dari ini.



Dalem goetji ketjil merah dan poeti

OBAT TJAP MATJAN

Bisa terdapat di semoea apothek dan drogisterijen.
ENG AUN TONG MOLEHVLIEF W. 174 - TEL. BAT. 1090

Meneroesken pendjoewalan Brilliant terlepas

Boekan Brilliant Singapore - Tetapi Brilliant toelen

HARGA f 14,- per karaat
Ampatblas roepiah

BOLEH PILIH!

Tida oesah koewatir Brilliant palseo siapa - siapa jang
belie Brilliant terlepas dapet soerat Garantie

Reclame besar

Jang belie 3 Karaat dapet dari toko

Satoe Brilliant cadeau!

Semoeah orang boleh dateng

DIAMONDSHOWROOM



LOGEWEG 14

TELEFON 777

dimoeka roemah Setan, perapatan kantor Waterleiding

201

Awas Inget Djangan loepa Awas

TOKO BOMBAY

SILK 42 PALACE

100% Zuiver

Jaarlijksche Opruiming

Sekarang Taoen Baroe soedah ampir sampe, maka di kita poenja Toko moelain 30 November 1934, kita soedah boeka: Special 100% zuiver Jaarlijkhe Opruiming.

Ini kita boekan omong kosong, tapi sebetolnja, lantaran kita maoe bikin abis barang-barang jang lama, maoe diganti sama sekali, sama barang-barang jang baroe.

Kita ada sediaken roepa-roepa barang jang terseboet di bawah ini: Roepa-roepa tjita, soetra kembang en polos, Gabardine roepa-roepa 100% dari Wool, Kimono-kimono kasmir, soetra en katoen, roepa-roep- Koffer koelit besar ketjil, Cocosmaten, Divankleeden, dan banjak lagi roepa-roepa barang jang kita tida toelis di sini. Itoe semoea barang-barang kita djoewal dengan harga dibawah poko. Biar roegi asal barang mendjadi abis, soepaja kita bisa ganti dengan barang baroe semoea.

Kaloe pembeli tida pertjaja, boleh dateng di kita poenja Toko.

SILK 42 PALACE

C. KISHINCHAND ASSUDAMAL
PASAR BAROE 42 TEL. 747 BANDOENG.

Persenan ageung

BON LOTERY

„TOKO JAVA“

PASAR-BAROE 76 PAJOENEUN PASAR BANDOENG

Soegri noe barang galeuh ka Toko „JAVA“ dipaparin Bon anoe berharga, sareng teras bade dilotrekeun ka langganan anoe baranggaleuhna pangseueurna, ngawitan ti sasih December 1934 ping 15 sareng 30, di boekana 2 kali eta Bon-Lotre teh. Kantenan moenggoeh noe baranggaleuhna pangseueurna ti antawis langganan-langganan tea, tangtos tiasa kenging Prijs ka I. Moegi para langganan enggal saroom ping ka Toko gagadoehan.

Ngitjal: Entjit-entjit - koffer-koffer - buesi - wadja sareng Fibre.

TOKO „JAVA“
Pasar Baroe 76 (Pajoeneun Pasar) BANDOENG.

DRUKKERIJ „ECONOMY“

OUDE KERKHOFWEG No.16

NAEPI ROEP! ROEPI PADAMELAN
TJITAKAN NGE ALIT SINARENG
AGEUNG, OGE DISAJAGIKEUN
LETTER ARAB, PANGAOSNA DI
TANGGEL M I R A H MANGGA
TJOBAN



PIL PELOR

SPECIAL OBAT

Pil sakit kentjing



Ini pil boeat orang sakit kentjing nanah, dan kentjing darah (Kek Lim). Toean-toean semoeahnja tjobalah ini obat jang moestadjab sekali dan djikalau toean-toean bisa makan ini obat satoe botol, penjakit jang ter

peboet itoe ditangoeng bisa baek sama sekal, dan lagi kaloe senjakit soedah lama kita tangoeng djikalau habiskan 2 atau 3 botol di tangoeng bisa baek teroes samasekali penjakit jang di dalem badan.

Atoeran makannja

3 kali sehari 2 Pil sekali, dengan aer Thee atawa beras, sama katjang idjo diredem minoem sarinja sadja moesti pantrang djangan makan jang manis-manis goreng-gorengan, dan arak.

237

Harga 1 Flesch f 1,50

HOOFFDEFF T

Roemah Obat Heng Tjoen Tong

Pasar Baroe Gang A.L.C. No. 18 Tel. 2442 - Bandoeng.

Agent-agent dari laen-laen tempat.

Ban Seng & Co. Batavia, Tai Aan Hoo Batavia, Thay Hoo Tong Batavia, Thij Hoo Tjoen Pasar Senen Batavia, Tong Tjee Tong Pasar Baroe Bd., Po Tjoe Tong Soekaboemi, Ban Aan Tong Soekaboemi, Thian Jan Sioe Garoet, Thai Hoo Tong Tasikmalaja, Ek Gwan Tong Tasikmalaja, Tek Aan Tong Djokja, Tjee Aan Hoo Pekalongan, Thai Tjoen Ho Pekalongan, Eng Hoo Tong Chribon, Tjong Nam Chribon, Eng Tai Hoo Semarang, Tjio Seng Tong Semarang, Eng Thai Hoo Solo, Eng Thian Hoo Solo, Eng Tjee Ho Madioen, Eng Tong Hoo Malang, Wie Leng Dje Ong Soerabaja, Eng Thai Hoo Makasar.



„Lara-balangsek anoe ngadadak“

Koe: MOH. KOSAM.

9)

„Aja hibar Gamparan!“
„Noehoen, heueuh nja kitoe, dimana bae manggihna kasenangan...“
„Soemoehoen, da njakitoe psan emoetan abdi oge.“
„Bade angkat kamana 'Nden?' saor Entjep ti kamar serat bari norodjol.“
„Bade wangsoel, da Oeana oge parantos sac.“ djawab Enden bari moekakeun padjengna.
„Haar, bade moelih? 'Ke atoech antosan, melang bilih aja koemaonam,“ saor Entjep bari lebet ka kamar tidoer, nganggo nganggo heula. — „Mama abdi bade ngadjedjapkeun heula poenadi, nja Mama, nja lboe?!“ saor Entjep sanggeus beres dangdosna.

„Heueuh, poegch bae koedoe dianteurkeun, hina boedak awewe pantaran si Nenden meh ngoelam; reng sareupna,“ saor ramana.

Djoeng. Entjep sareng Enden arangkat, angkatna patoejoen-toejoen.

„Lah, edzaas, aja lajout baroedak, mani sok resep pisan akang mah 'nendjo baroedak teh, djang Hamoed!' saor ramana bari neutep noe patoejoen-toejoen.

„Soemoehoen, malah sanes Gamparan bae noe resep teh, tapi sadaja noe ningal oge, tangtos laeetjoeun ningali noe kasep sareng noe geulis — noeroeb-tjoepeoe teu aja tiawadeunana, teu sareng sareng Soembadra ngarendeng sareng Ardjoena. Sareng edas poetra mah kagoengan salira teh, aja sampajan kitoe, piraning nganggo rakscekan piam, nganggo sandel, mastakana boeroendoel, tapi 'na katingalra teh esa ginding-ginding teuing, toeroeg-toeroeg amis boedi, matak djadi panarik ati noe ningali, sae lalambe, matak raos kana hate, pertjeka jasa bitjara, kewes pantes cepami parantos basa Pereteges, someah rendah oepami ka semah, ah, pendekna tamat bae koe poetra mah kasaeana teh,“ omong Hamoed.

Raden Soelaeman mani kemboang-kemboang bae pangamboengna teh, doemeh aja noe ngajoen kana manahna.

„Ja Robbiii, ieu teh djang Hamoed?! Hatoeran teuing Oedjang. — Dimana ngoembara teh?“ saor djoeragan istri norodjol ti djero boemi.

„Ti Singapoer,“ djawab Hamoed.

„Ti Singapoer? Atoeh meunang titel Entje meureun, djadi 'Tje Hamoed, nja?!“

Ordjang Hamoed imoet bari goerat-garit kana samak.

„Eutjeu mah rada gering poegoch ieu teh, djang Hamoed!“

„Kasawat naon?“

„Rariet, mani asa bareurat sirah teh.“

„Abdi mah ari rariet teh, sok enggal bae dikompres koe es, mani sok kontan seena teh.“

„Tjan ngedjaran ari koe es mah, tijk engke mah rek dipetjakan.“

Sabot keur kitoe, djeboel Entjep soemping.

„Aeh, poenten bae Djoeragan atoech abdi teh teu lami ngadeuheus,“ omong djang Hamoed.

„Haar, na roeroesoehan teuing, Eutjeu sono keneh djeung ongkeh keur ngagentakeun tjai.“

„Da eta ti endjing abdi teh teu atjan wangsoel.“

„Haar, baroek ti endjing?! Na tas ti mana geuning kadieu mah kakara djol!“ saor Rd. Soelaeman

„Wangsoel mapaj bae ti kenalen-kenalen. Mangga atoech Djoeragan!“

„Heug, atoech,“ djawab Rd. Soelaeman bari ngadeg, saolaholah maparin hormat kanoe rek oendoer.

Sadadjalan oeteuk si Hamoed teu eureun-eureun dipake mikir sangkan bisa mawa 'Nden Roekminah tea.

„Ah, saah,“ djang Hamoed hoemandeur, koelantaran geus ngarasa lieur, „ajeuna mah aing teh moal kapalang...“ elmoepikeun nipoet teu nimce, omongan pikeun ngolo teu katembong—

teu katoong, koe akal lemes moal beunang, nja ajeuna mah rek ngadalankeun... akal kasar bae, kabeneran aja pidjalaneun...“

Traskeuneun,

Sinar Pasoendan

DAGBLAD SOENDA OEMOEM

LAMBARAN KADOEK No. 286 TAOEN KA 2
KEMIS 20 DECEMBER '34 — 13 POEASA 1353

Agama djeung Socialisme

Kana ketjap Socialisme teh, memang ieu ketjap geus teu asing deui, malah eta ketjap teh ti kota nepi ka plosok-plosokna oge geus rea pisan noe ngarti kana harti djeung kana maksoedna ketjap Socialisme.

Demi faham Socialisme eta, njaeta hidji faham anoe samasekali bertentangan djeung faham "individualisme", sabab ari faham individualisme mah anoe samata-mata ngawoengkoel goena kaperloeun "Individu" (diri sorangan), anoe henteu memperdoelikeun anoe sedjenna, hartina ngabogaan sifat hawek.

Djadi koe ajana bertentangan antara faham Socialisme djeung faham Individualisme teh memang ieu hal anoe geus aja dina tempat na [merenah], sabab noe ngadajikeun timboelna faham Socialisme, bongan timboelna faham Individualisme tea.

Malah koe timboelna faham Individualisme, bisa oge nimboelkeun Democratie, djeung Socialisme, njaeta kamadjoeannana Democratie.

Kitoe deui oepama koe oerang di pikir, jen oerang teh hidji sifat manoesa, demi manoesa eta noe tangtoe pisan koedoe ngabogaan hak noe saloeas-loeasna dina enggoning hiroep, oge manoesa eta koedoe ngabogaan hak noe sapinoeh-pinoehna goena ngalam-pakheun salah sahidi pagawean noe dipikarep kalajen henteu nga roeksak bakna noe sedjen-sedjen djalma, kaajaan noe saroeapa kieu, njaeta noe ngamaksoed kana hidji rasa atawa pikiran Democratie tea, oge dina enggoning hiroep koemboeh noe didjadikeun koe manoesa-manoesa noe saenja-enja na ngabogaan perasaan noe saroeapa kitoe, njaeta noe noedjoe kana Socialisme.

Demi faham Individualisme tea, ieu teh henteu sakoemaha djaeoh na djeung tabeatna Egoisme, nja eta faham; hiroep djeung goena kaperloeun dirina sorangan, kala jan henteu memperbatikeun djeung merdoelikeun hak atawa kaperloeannana noe lian. Oepama Individualisme geus ngamimitian ngadjadi sifat djeung ngadjadi tabeat saperti Egoisme, maka per-gaelan hiroep babarengan [hiroep koemboeh] noe tangtoe moal salamet; sabab Egoisme eta hidji harti noe mimiti roeksakna per-gaelan hiroep koemboeh.

Kitoe deui, oepama Democratie atawa Socialisme henteu dipimpin djeung henteu di tangtjoengan (di beungkeut) koe sala sahidi ka koeatun atawa kawawasan noe panggoendjalna, dimana waktoena baris ka ala boeahna kamoeajaan, nistjaja eta baris ragrag deui kana dasar noe ngaroesak tadi, njatana Egoisme tea. Djeung teu meunang henteu baris timboel deui kahawekan noe leuwih-leuwih goena kaperloeun dirina sorangan djeung timboel hidji perboeatan atawa karep noe sawenang-wenang, noe achirna ngadjadikeun kaajaan ka lang kaboeat.

Tabeat djeung napsoe manoesa noeroetkeun kaajaan alam (natuur) njaeta masing-masing dek ngagede-gedekeun djeung ngadoeng-djoeng-djoeng dirina pribadi atawa Egois.

Koe ajana tabeat atawa panjakit noe saroeapa kitoe, anoe tang toe pisan koedoe di ichtiaran atawa moen oebar tea mah, koe doe neangan pioebareunana, sang kan oelah kadatangan koe eta panjakit, njaeta agama. Sabab Socialisme eta, memang katimbang hadena di dasarkeun atawa baba rengan djeung kapertjajaan agama. Sabab lamoen perboeatan (paga-wean) djalma djeung pikirana henteu dipimpin atawa henteu di tangtjoengan koe agama, bisa djadi oge Socialisme eta rada bese goena ngomean kana karoeok sakannana si djalma tea.

Lantaran Socialisme eta bisana sampurna, dimana tiap-tiap djalma [manoesa] noe hiroepna henteu ngawoengkoel dek hiroep pikeun sorangan bae saperti sasa toan atawa maooek-maooek enz. tapi goena patalian hiroep atawa

goena hiroep koemboeh; sabab sagala roepa hal naon bae noe aja, iwal noe ngadjadi asal atawa di djadikeun koe hidji Kakeoetan atawa koe Kakawasaan, njaeta koe Goesti Allah.

Boektina, kaum Socialist di oerang (di Indonesia) noe ngabogaan maksoed noe sakitoe hadena, lantaran Socialismana henteu di dasarkeun atawa di barengan koe kapertjajaan agama, toemerapna teh ngan oekoer dina seseboetan bae, boektina mah mah nja doeka teuing.

Sedeng Socialisme biasana sam poerna, dimana tiap-tiap djalma maksoed hiroepna lain bae nga woengkoel ngoedag kaperloeun djeung 3 kasenangan noe biasa bae, njaeta kaperloeun djeung ka senangan noe aja di doenja ieu, tapi tiap-tiap djalma koedoe ngoe dag noe ngamaksoek leuwih loe hoer djeung leuwih sampurna, saperti anoe dipikawarag. Allah dina goer'an, noe maksoedna koe tang leuwih kieu:

"Kaola henteu ngadjadikeun din djeung manoesa, iwal kala wan maksoed maranehanana eta nganjahoekun djeung berbak ti ka kaola."

Djadi kana pangandikana dina goer'an eta, ngamaksoed hiroepna djalma noe sabenerna, njaeta nga njahoekun djeung berbakti (nga bakti) ka Allah djeung samasakali koedoe taloek-toer daek kana ka hajangna Allah, nepi ka naon bae noe di tjarioskeun atanapi noe di pidamel koe andjekna, taja lian ngawoengkoel ngamaksoed goena to'at ka Allah noe satemen-te mna. Saha-saha noe ngabakti noe sabener-benerna ka G. Allah teu meunang henteu pangbaktia nana noe sabener-benerna eta nimboelkeun: "oesaha djeung pa gawean digawe goena kaperloe an hiroep koemboeh."

Oepama ieu hal, henteu didasrkeun maksoed hiroep sakoe mah noe geus di dadarkeun di loehoer tadi, noe noelis boga kaja kinan, moal bisa hate djalma eta mikarep atawa insaf noe sabener-benerna dek ichklas ngorbankeun kaperloeannana sorangan goena kaperloeun sedjen djalma, kadjaba koedoe aja pengharepan (mam-rih) pembalesan (trima kasihna) tinoe diteloenganana, Di doenja noe di kakawasaan koe napsoe noe kasar (materialistische wereld), noe manoesana woengkoel boga prasaan hiroep dek minoehan nap soe dina kabandaan (kahartaan), make kaajaan doenja noe saroeapa kitoe, istoe djaeoh pengharepan kana ichlasna ngorbankeun kaperloeannana sorangan goena kaperloeun hiroep koemboeh.

Lebah dieu, koe ajana katerna ngan noe kaseboet dilohoer tadi, geus netelapisa djadi leuwih oeta ma, jen Socialisme eta sapantesna moen didasrkeun kana agama, sangkan djadi hidji kakeoetan lahir batin.

Sadjabana ti eta, Nabi Moeha mad s. a. w. parantos ngadawoeh kieu: berigama eta njaeta: Nje nangkeun hatena sasama djalma, mere dahar ka djalma noe lapar, noeleng ka djalma noe soesah, ngentengkeun kasoehna djalma noe soesah djeung ngaleungitkeun barang (hal) noe teu adil noe ka rasa koe djalma noe keur soesah koe kersana."

Amin.

At eng

BOEKOE 100 DO'A



Pangrosna f 0.20 tiasa pesen ka:
Drukkerij "Economy" Bandoeng

Bouwmaterialen- Houthandel & Administratiekantoor „TAMAN SARI“

TASIKMALAJA TJIAWIWEG — TELEFOON No. 3

Njagikeun sanes-kanten materialen keur midamel boemi: apoe — bata — keusik — batoe — kai djati — Kenteng boewatan Machine anoe katjida aloes sareng pohara kiatna, ditintjak moal peupeus, tiasa ka anggo nepika boejeot-boejeot; deui roepi-roepi buis tanah kakiatanana sami sareng oeton.

Tjontona aja di Tasikmalaja Kantor Alg. Volkscredietbank
Toko SOEN HOAT Pasar Baroe
Bandjar: LAUW DJIN
Tjiamis: Toko Djoeragan
SOEBITAATMADJA

MALAISE TINGGAL MALAISE
Kesehatan badan ada lebih berharga dari pada wang.
Ini dia roemah obat yang selamanya ada sedia obat mandjoer dan moestadjab. Kaloe tida oeng dapat kombali.

G. M. Sjech Amanat Sahib

KEBONDJATIWEG 114, FABRIEK KOFFIE — BANDOENG.

Saja bisa mengobati segala penyakit zonder potong atau operatie bakar baik dalam atau diloeur badan, yang masi baroe ataupun yang soedah lama, baik anak-anak atau orang toewa, saperti sakit Bawahir, Ambeien sakit Kentjing, sakit Prampoean, Mengi, Medjen, sakit Gigi, sakit Mata, oeloe hati, laki-laki yang soedah ilang tenaga kering, Napas sesak, oeloe hati, laki-laki yang soedah ilang tenaga koerang sahwat, prampoean yang keloeor kotoran [boelanan tida tjotjek atau keloeor kotoran] poethin dan banjak lain-lain penyakit teraloe soesah boeat diseboetkan disini.

HARGA OBAT-OBAT

Poeder ramboet item f 0.75 Boeat dihitamkan ramboet, goena boeat orang toea, kelihatan moeda gagah, toea mandjadi moeda, kalau tida djadi itam boleh kasi kombali wang.

Minjak adjaib f 0.50 Boeat sakit kepala poesing, sakit peroet, sakit hoeloe hati, dada, sesak, sakit gigi, sakit angin, ini obat boleh makan, boleh gosok dimana ada sakit didale 1 menit tahoe rasa. Boeat orang besar 2 tetes, boeat anak-anak 1 tetes.

Telsam f 0.50 Boeat sakit kepala poesing atau sakit kepala setengah. ini obat bisa bikin baik begitoe matjam penyakit dalam 2 me serta ini oba bisa bikin baik sakit pilek of salesma.

Obat mata f 0.50 Ini obat goena boeat mata kaboeor, mata meran dan mata jangk keloeor aer kotor.

Obat tjahja "Joeseop" f 1.25 Ini obat bisa hilangken djerawat dari moeka. Ini obat bisa hilangken hitam dari moeka. Ini obat bisa lemaskan dan litjinkan moeka. Ini obat kalau tida toeroet seperti di atas boleh kasi koemballi oewagan.

Make the white tooth same pearl boeat tjotji bersih gigi f 0.50 Saboen hilangken ramboet f 1.— Zalf boeat koerap f 1.— Shampon obat boeat bersihken ramboet f 0.50. Obat Atshma f 2.50— f 1.25, Obat ramboet pandjang f 1.— Ramboet krinting f 1.— Sirop Himalaja, boeat prampoean tida dapat kotoran tetep of kotoran poethin harga f 25.—, Sirop Atshma, boeat sakit sesak nafas mengi harga f 25.—

Roemah Obat diboea saban hari dari djam 8 pagi sampe djam 8 malam. Djoega bisa dipanggil ke roemah, priksa penyakit zonder ongkos asal sarda bajar ongkos transport. Dan toean-toean en njonja-njonja yang diloeur kota djikalau perloe pakai obat dari saja, bisa dapat dengan reimbours asal kasi terang penyakit dan oemoer dan adres yang terang, dan djoega diminta kirim voorschot f 2,50 nanti obat saja kirim dengan Reimbours

KOPERGOK

Leider B. N. D. kasih rapport sama politie, bahwa tadi malam kira-kira djam 3 tengah malam, ada doea orang yang tidak dikenal, yang dengan djalal membongkar pintoe blakang soedah masoek didalam roemahnja S. M. Gang Embong No. 161/12 E., soedah KEPERGOK oleh seorang WAKER DARI NACHTVEL-LIGHEIDSDIENST POENKORWEG 13 A bernama E. No. 15, tinggal di Oedjoengberoeng, sehingga terjadi pergoeletan, dan E. mendapat poekoelan di kepalanja dengan barang yang keras.

Pendjahat-pendjahatnja masing-masing melarikan diri, dengan kehilangan satoe koepijah beloedroe, sedeng marika beloem bisa mentjoeri apa-apa. Menoeroet keterangan E, mereka waktoe melarikan diri soedah ketinggalan revolvernja atawa satoe barang yang seroeapa dengan itoe, tetapi waktoe ditjari itoe barang tidak ketemoe. Kopijahnja kedapat kombali.



MEMBIKINKAN:

Reaclme naamborden- Lantaarnplaat-gambar-gambar boeat Lijn dan autotype Cliche-Handelsmerken-menge tjat roemah atau mobil-mobil enz. sablonneeren-huisdecoratie-dan sebagianja. Ongkos-ongkos bersaingan, pekerdjaan tanggoeng menjenangkan.

ADRES:

G. Wangsaredja 208-16B — Gr. Postweg No. — atau pada Agentschap c/o Oude Kerkhofweg 16 - Bandoeng.

Soerat Kiriman

(Loear tanggoengan Redactie).

Pindah.

Pindah teh hidji kalakoean, ninggalkeun tempat noe ditjintjangan, kalawan kapaksa. Ari ka paksana nja roepa-roepa noe djadi lantaran.

Di kaoem goeroe, waktoe ieu loba pisan noe diparindahkeun ka tempat-tempat noe djaraeoh ti padoemoekan asal.

Dina waktoe pindah lain saeutik balandja noe kaloeur tina kan tong goeroe-goeroe tea, soema wonna ari noe loba sobat mah geus tangtoe pada narapoengana nana. Moenghoeh semah tea, perloe disoegoehan. Djadi kaajaanana, saperti anoe keur badjat, anoe hamo eta doeit kapimilik deui, toeroeg-toeroeg rea kentjir anoe teu meunang kaasoeop kana declaratie, eta oge kaasoeop kana doeit nalapoeng.

Dina njeun declaratie pohara ati-atina, bisu aja kaloearan noe teu sjah kaasoeopkeun, nepi ka matak djadi pamotoesana perkara. Di dieu oge, tangtoe loba utgawen noe teu kaasoeopkeun.

Nilik kana atoeran-atoeran noe liren sidik pisan pindah teh lain gawe enteng djeung ngoentoengkeun.

Tapi sanadjan kitoe, teu boe roeng bae resep da keur betah dina gawe, toeroeg-toeroeg itoeng itoeng ngaloeasan pamandangan.

Pikeun ongkos saheulaanan noe dipindahkeun bisa menta voorse hot declaratie, tapi teu satjoekoeun. Eta teu matak djadi kawalce ratan, sabab noe pindah oge, sok boga teuteundunan. Ngan aja sa perkara noe matak teu kaharti teh, toeroeg-toeroeg matak toegenah, njaeta aja basa noe lain-lain sapertina.

Hidji goeroe ngabahroeteng pikeun transport barangna kira-kira oepama kaangkatanna tiloe mo bil gorobageun. Tah doemeh aja kadjadian kitoe make aja basa:

"Dat'is geen huishouding [voor een gewoon onderwijzer. Dat lijkt wel die van een Wedana."

Padahal koe emoetan sim koe ring, parabol djoeragan Wadana mah tiloe mobil gorobag soeh sabada lelang. Toeroeg-toeroeg oepama enja tea mah rada loba, na teu meunang een panggewone na pisan onderwijzer meuli para bot, soepaja betah enggoning imah-imah. Toeroeg-toeroeg da sidik teu loba ngan saoeoer se deng eta ngabahroetengna pang aja 3 gorobag doemeh geus ka laman waktoe pindah noe enggusenggeus, djadi samasakali lain rek ngarah kaentoengan. Toeroeg-toeroeg eta lamoenan teh moal didjalankeun make mobil, da nje ta mahal, tapi rek kana roda, ong kos noerab.

Lamoen eta barang-barang tea, teu dibawa, damoal hade dipitjeun, beda deui djeung kaajaan di kota, beunang dilelangkeun, da ari di kampoeng mah lapoer.

Deui dina ongkost transport barang-barang samasakali noe nga waag declaratie teh, moal palsoe, sabab geus kadjadian rea noe di toengtoet koe pangadilan, lanta ran bohong.

Biasana noe dipindahkeun sok lolongok heula ka tempat anjar, samemeh indit srib, njaeta goe na ngira-ngira pibahroetengneun, soepaja oelah leutik teuing, bisa djadi kawaloeratan dinoe njampak teu aja teuteundunanana.

Tjiekap bae sakiu heulaanan, bilih teu atjan tjiekap, tiasa ti poengkoer ditambah deui, koelan.

Hoermatna
noe pang gewoon-gewoena
pisan onderwijzer
SOEHANDA.

N. B. Disoehoenkeun rido galihna Djoeragan redacteur ngintoe sa lambar noe aja ier stuk ka djoeragan Oesman, Commies kantor A. R. Tasikmalaja.

Tasikmalaja — Bandoeng
VIA
Tjiawi en Garoet.

boeat pesiar dan pengangkoetan barang-barang djeung loepa pakelah:
Autobusdienst „Tjap Matjaan“

Atikan djeung pangadjaran

koe:

„THE THUNDER“

„Wasiat Bapa“

DANGDANGGOELA.

1. Kamari bapa ka oedjang djangdji, dek neroeskeun wasiat ti bapa, bandoengan oedjang sing sosen, sing njerep kana kalboe, lenjeapan koe ati wening, kalajan kasetraan, oelah bol-bol napsoe, noeroetkeun hawana setan, tatapina koe oedjang koedoe dipikir, bawaeun oedjang djaga.

2. Moen koe oedjang dipikir noe lantip, naha saba noe gede djasana, meureun koe oedjang katoeng, iwal ti oerang goenoeng, njatana si haen tadi, anoe dibeda-beda, eta oedjang kitoe, meureun koe oedjang kafaham, sanadjan teu diwintjik diwidji-widji, Oedjang tangtoe ngarasa.

3. Sakoemaha dadaran noe tadi, sapantesna oerang mikanjaah, mikatjinta sosen-sosen. sawadjabna didjoendjoeng, oelah dek ngaloe-li-loe, djasana haen tea, tah oedjang sakitoe, moega oedjang sing iatna, poma pisan dek ngarendahkeun si leutik, eta goreng hartina.

4. Djeungna deui oedjang sing ngaharti, naha saba noe baris ngangkatna, darsdjabna si koromo, meureun oerang tinangtoe, noe lian mo daek pasti, bongan lain bangsana, pasti mo ngadjoengdjoeng, ka marhaen doeloer oerang, tah koesabab eta, meureun taja deui, iwal koedoe koe oerang.

PANGKOER.

5. Moenggoeh di oedjang ajauna, eukeur noengtoet ilmoe neangan pangarti, oedjang koedoe sing satoehoe, oelah dek lalawora, koedoe toemoetkeun kana pihatoer goeroe, poma oelah dek dipoenggang, bisu kadohoeng di achir.

6. Demi goeroe oedjang tea, moal ngawoeroekan anoe henteu oeni, piwoelang noe hade tangtoe, bawaeun oedjang djaga, miinggis bok bisu djadi djalma latjoer, tangtoe oedjang noe ngarasa, moen djalma koerang mangarti.

7. Oedjang oelah salah faham, saba djalma lamoen noe koerang pangarti, hiroepna teh geus tinangtoe, sok rendah daradjabna, bongan taja pangarti reudjeung panemoe, tah eta kitoe boeahna, moen oedjang hajang mangarti.

8. Tapi lamoen di oedjang mah, diparengkeun koe Goesti noe maha soetji, aja kadar ti lohmahfoed, djadi toekang mimpin ra'jat, oelah pisan oedjang teh milampah kitoe, dek ngarendahkeun sasama, kena lain djalma ngarti.

9. Kitoe deui sabalikna, pamimpin moen noe hajang meunang simpasi, ti sakabeh ra'jat oemoem, dina enggoning mitjinta, oelah tetep ngan dina ti ori woengkoel. agoel-agoel tjinta bangsa, batinna mah teu misoedi.

Pamimpin noe kieu roepa, angtoena si ra'jat teh moal simpati, ka pamimpin geue rahoel, (maaf) ngan woengkoel gede tjarita, handaroeran sorana siga goeloe-doeg, mapanas diri noe lian, badannja selaloe dingin.



Bewusteloosheid (kalenger).

Djalma noe kalenger (kapae-han) tiasa disamikeun sareng djalma noe keur mondok tibra (diepe slaap). Djalma moal hoedang oepami diteunggeul, digero-gero s. s. t.

Kalenger teh tiasa djanten tina roepi-roepi hal, sapertos:

- 1. Oepami diteunggeul keuna ka mastaka atanapi geubis, mas taka ninggang barang teuas (hersenschudding).
2. Bloedvat peupeus lebet hersen (otak) [beroerte].
3. Epiliprie atanapi noe gadqeh panjawat ajan.
4. Koemargi kaget, lapar, sieun, ningal getih s. s. t.
5. Koemargi mabok (dronkenschap).

Oepami mendakan noe kalenger, kedah enggal tjandak (pang koe) kana tempat noe soeni (rustig) sareng noe seueur hawa ber-sih. Boekaan sanesanten panganggo, beulitan noe ngahalangan kana djalanna ambekan.

Oepami rarajna pias, mastakana kedah dihardapan tibatan sampe anana. Oepami olab mastakana kedah dimiringkeun ka gigir soe pados olabna henteu lebet kana djalna napas.

Djalma noe kenging flauwte (hersen anemie) kedah dipasih ammonia, kolono, tjoeka s. s. t. diamboengkeun.

Mastaka sareng borst (dada) kenging digorok ngangggo tjai tiis atanapi ijs. Oepami noe tjilaka parantos emoet enggal kampoehan ngangggo kaen panas sareng pasihan warme kruiken, pasihan nga leueut kopi atanapi anggoer. Kalan-kalan kapaksa oerang ngagoenakeun kunstmatige ademhaling (perkawis ieu kapoengkoer parantos dipedarkeun).

Vergiftiging (keuna ratjoen).

Seueur djalma noe ngahadja ngaratjoen maneh soepados enggal maot, sapertos neda zublinaar, carbol, arsenieum (warangan) veronal s. s. t.

Seueur deui djalma ngan diratjoen koe djalma sanes.

Oepami mendakan noe diratjoen atanapi noe ngaratjoen maneh, ngawitan kedah enggal ngahatoo ranan dokter atanapi enggal tjan dak ka roemah sakit.

Saniskanten noe kaolabkeun (braaksel) kedah disimpn, oepami dokter soemping kedah dipintonkeun.

Restan katoeangan atanapi wadahna toeangan atanapi leuteun noe ngalantarakeun eta djalma kenging tjilaka kedah disimpn sareng oelah dikoembah.

Ieu ageng goenana boh kang ge dokter atanapi papariosan poe lisi.

Oepami dokter lami soemping-na sareng tebih ka roemah sakit, noe tjilaka kedah sina oetab (bra ken) oepamina koe ngalabetkeun tjoeroek kana lebet tikoro.

Oge tiasa dipasih norit sabangsa areng (tiasa ngagaleuh di apothek) areng biasa oge kenging dipasihkeun nanging kedah dirisueu sing lemboet atanapi dipasih an apoe (kalk).

Kedahna oepami masak teh kedah kangge sadinteneun bae oelah diendingkeun nja eta ngadja-gi bilih aja bilih aja ratjoena.

Tawis-tawisna djalma noe kenging (keuna) ratjoen tina daging atanapi laok tjai: Rieut, sebel, li-eur, noe terasna kana njeri patoengan noe hebat, olab-olaban.

Pasih an landong oetab, atanapi lebetkeun tjoeroe kana elak-elakan soepados olab, djadi katoeangan noe di lebet tiasa kaolabkeun.

Oepami tebih ka dokter, sae pa sihan heula tjai djoeroek mipis, oelah ditjampoeur ngangggo tjai sareng goela.

Sering noe tjilaka djanten leuteun taja tangan pangawasa, pasihan anggoer.

Enggal ngahatoeranan dokter atanapi tjandak ka roemah sakit.

Zonnestuk.

(Tjilaka lantaran koe panasna panon powe.)

Ieu katjilakaan dilantarakeun koe panasna panon poe, noe tarik teu aja angin sareng panasna sakira teu tiasa kaloeat sareng djalma (noe tjilaka) digawe pohara dina panasna panon poe.

Langkoeng - langkoeng oepami eta djalma kakiraangan tjai.

Ieu katjilakaan tiasa keuna ka soegri noe digawe dina panasna panon powe, noe loemakoe di sagara keusik, soldadoe baris dinoe panas. Zonnestuk ngalantarakeun djalma kalenger sareng teu kinten berbahajana. Ngawitanana: Ngaras balabbab pisan, pajah sarta rek laboeh. Napas sesek, li-eur. Rarajna poetjet, pangamboeng tjepil sareng lambej djanten biroe, polsna zwak. Soantenna serak (busch) koekoepangan kirang.

Oepami mendakan djalma noe tjilaka kitoe, kedah enggal sina li ren barang damelna, tjandak kana tempat noe ioe. Saniskanten pangangggo noe ngahalangan kana djalanna napas kedah diboeakan.

Pasih an ngaleueut tjai tiis. Oepami enggal katoeangan saper tos kieu djalma moal doegi ka bewusteloos.

Nanging oepami eta djalma teras bae didamelna tiasa oge bewusteloos. Rarajna beureum, pols ampir teu karaos, sotjana molotot koelitna toehoer sareng panas.

Oepami parantos kieu kaajaan nana kedah enggal kenging pertoeleangan, oepami henteu tiasa maot.

Tjandak ka tempat noe ioe, laanan pangangggoa kpasan soepados kenging angin. Bandjoer koe tjai tiis, popokan mastakana sareng borstna [dada] koe lamak kenging ngabaseuhan. Oepami napasna liren kedah enggal toepassen kunstmatige ademhaling (kapoengkoer tina perkawis ieu parantos dipedar).

Oepami parantos emoet pasihan ngaleueut tjai kopi atanapi anggoer.

Shock.

Biasana kadjantenanana didjalma noe kenging rabeut ageng Langkoeng-langkoeng noe kenging tjilaka lantaran kageleng mobil, kareta api doegi ka sala sawios anggahota djanten antjoer.

Tawis-tawisna: Raraj noe tjilaka poetjet, koelitna tiis kaloeat tjikaringet tiis, sotja teu aja tja-hajaan pols swak ademhaling (napas) oppervlakkig.

Patarosan-patarosan teu poe-goe didjawabna, nanging henteu bewusteloos.

Djalma noe tjilaka kieu, sateu-atjanna rabeutna dilandongan. Shock heula kedah dilandongan. Oepami Shock teu enggal ditoe-loeng djalma tiasa maot.

Pangangggo kedah diboeakan, enggal koelemkeun mastakana han dapan soepados getih gampil ngo tjoer kana otak. Kenging diangre-tan kolono, tjoeka atanapi ammonia. Kedah enggal ngahatoeranan dokter.

Biasana sateu-atjanna Shock sae, rabeutna teu atjan di-banaonkeun.

Telegrammen

Tina s. s. k. sedjen

AMERIKA.

Ngali kanaal anjar Ongkosna 722 milioen dolar.

Washington, 17 Dec. (Aneta-Havas).-- Voorzitter tina economie oeroesan marine dina madjelis oetoesan, ngandoeng maksoed baris menta pamoepakatanana

Congres pikeun ngali kanaal di Nicaragua pandjangan 227 K.M., ongkosna 722 milioen dollar, nja eta Greyton di Lacetan Tedeob, sarta baris ngagoenakeun (make) tjai ti waloengan - waloengan.

Desabo, Sanjuan djeung oge ti talaga Nicaragua.

TURKYE

Bahaja lini

Istanbul, 17 Dec. (Aneta-Reuter).-- Di district Chapa Kjur masih kagangggoe koe kaajaanana lini, sarta desa-desa, bawahan eta district teu woedoe meunang ka-roeksakan noe lain loemajan.

Parantos ditetepkeun mimiti mepet (tanggal 1 Ramdan 1353) dina dinten Saptoe tanggal 8 Desember 1934.

ZADWAL

Waktoe Magrib (soeroepna panon poe) djeung waktoe soeboeh (mimiti bidjil padjar) dina sadjero boelan Poeasa taoen 1353 meunang njoetat tina Zadwal waktoe noe aja di Masjid Bandoeng.

Table with columns: TANGGAL, MAGRIB, IMSJAK, SOEBOEH. Rows show dates for 1 Ramdon dongkap and 12 Ramdon dongkap.

N. B. Waktoe ieu djadwal ditoeelis, bedana djam S. S. djeung djam Kaoem 8 menit, gantjang S. S.

Bandoeng 26 December 1934 Hoofd Panghoeloe Bandoeng, Wg. H. Abdoelkadir Disalin sareng ditjatak koe Pagoejoban A. H. I. BESTUUR.

Sanadjan hawa awang-awang karasana katjida tirisna, mangre-boe-reboe bangsa patani anoe nga rasa gimir pikeun mondok di ko long langit dina waktoe peuting Roode Kruis Turkije ngirimkeun mesin-mesin ngapoeng reudjeung simboet, njakitoe deui oebar-ebatan katoet tenda-tenda pikeun ka perloe an awa noeloengan djelema-djelema s'ng sakoer anoe dja radi korban eta lini.

FRANKRIJK.

Kapal Silem anjar. Ditoeroenkeun ka laeot.

Toulon, 15 Dec. (Aneta-Reuter) Reana djoemlah kapal Silem Frankrijk dina powe ieu djadi nam bahan, lantaran kapal silem „L' Etonnant" geus ditoeroenkeun ka tjai (laeot).

Ieu kapal gedena 1.384 ton, sarta ngabogaan 14 torpedolan-ceedruizen.

DUITSCHLAND.

Oeroesan sendjata deui.

Kalawan aja dina pingpinanana Krupp Berlin, 17 Dec. (Aneta-Reuter) Krupp ngetjagkeun kapangkatanana sebagai pamingpin paoesna haan Duitsch, soepaja bisa ngoe roes Duitschland dina hal persendjataan deui. Koe hal ieu Krupp kapapantjanan koedoe ngoeroes-keun hiji pagawean anjar.

Dr. Schacht menta Ewald Hector anoe aja dina badan pamarentah, njaeta pikeun ngoeroeskeun economie pikeun djadi pamingpin tina paesahaan Duitsch.

JAPAN

Narima gandjaran bintang.

Ti Belgie. Tokyo, 15 Desember (Aneta-Iwaki). Ambassadeur Belgie, Baron de Bassompierre, enggeus me-re noegraha anoe paling ageng ti Belgie ka minister Hirota, nja eta sipatna Grootkruis ti Leopold Orde.

Bintang Crysanthemum.

Pikeun president Lebrun

Mekado enggeus meparin bintang Crysanthemum ka president Lebrun. Perhiasan-perhiasan tina tina ieu bintang enggeus dipasrahkeun ka eta president ti Frankrijk koe ambassadeur.

Goenoeng api digawe.

Koe tjiptaan baris nambahan doewa kawah anjar.

Goenoeng api Also di poeb Riushu sjeuna keur meudjeuhna digawe deui, sarta koe tjiptaan bakal nambahan doewa kawah anjar.

Oentoengna bae henteu ngada tangkeun karogean naon-naon.

Advertisement for 'Noe dianos' book by Elmo Sadjatina. Includes title, author, and promotional text.

Advertisement for Firma TONG BIE, Gr. Posweg 6 Telf. 1461 Bandoeng.

Advertisement for PANGRENJOE, INDONESISCHE KOEK & BANKET BAKKERIJ plus „KOFFIEHUIS".

Advertisement for DITJARI, Seorang Indonesier jang mengerti sedikit bahasa Belanda (kalo bisa) dan jang boleh dipertjaja oentoe...

Advertisement for Clichéfabriek 'sa loeng' with an eagle logo and contact info.